● Фэеплъ





# ЛIыхъужь 756-м я цIэхэр тхыдэм къыхонэ

**Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм папщIэ тхьэмахуэ кIуам Гундэлэн фэеплъ къыщызэIуахащ.**

МЕТР зэбгъузэнатIэ 4694-рэ хъу комплексым тратхащ Гундэлэн къуажэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэкIуэда лIыхъужь 756-м я цIэунэцIэхэр. Iуащхьэмахуэ районым дэт фэеплъхэм я нэхъ ин хъуащ ар. Гундэлэн къуажэм и жылагъуэ советым къыхилъхьа жэрдэмыр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий ядиIыгъри, абы текIуэдэну сом мелуани 3,5-р КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм яхухихащ, езы жылэм и мылъкуу хилъхьащ сом мин 70. Фэеплъыр «Прохладный - Эльбрус» федеральнэ гъуэгум тетщ.

ЩэкIуэгъуэм и 4-м, Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэм, ар къызэIуахащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIыр, Парламентым и депутатхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, Шэрэдж, Бахъсэн жылэхэм я Iэтащхьэхэр, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, къуажэдэсхэр кърихьэлIауэ.

ПэкIур къызэIуахын ипэ «Полк уахътыншэ» зыфIаща Iуэхур ирагъэкIуэкIащ, щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ яIыгъащ зауэм хэкIуэда я Iыхьлыхэм я сурэтхэр. Абы иужькIэ УФ-мрэ КъБР-мрэ я гимнхэр къеуащ.

Iуащхьэмахуэ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Уянаев Казым** къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэза нэужь, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъу гъэм апхуэдэ фэеплъ къызэIупхыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр жиIащ.



«Гундэлэн щыщу зэуапIэм Iухьат цIыху минрэ ныкъуэм щIигъу, абыхэм я нэхъыбэм къагъэзэжакъым я адэжь хэкум. Ди лъахэгъу лIыхъужь 756-рэ зэуапIэ губгъуэхэм икIуэдащ, иджы абыхэм я цIэхэр мыкIуэдыжын тщIащ. ЩIалэхэм яхэтщ балъкъэри, адыги, урыси, куржыи, ермэлыи, журти. А псори зэкъуэзыгъэувар бийм зэрытекIуэнум шэч къызэрытрамыхьамрэ зэныбжьэгъугъэр ягъэлъапIэу зэрыщытамрэщ. Ноби Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэр догъэлъапIэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зэгъусэу дахуощыгъуэ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм. Абыхэм я цIэхэр зэманым здихьыжыркъым, щIэблэм зэIэпахыу, я гум щахъумэу къогъуэгурыкIуэ», - жиIащ Уянаевым.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий** Iуащхьэмахуэ куейм исхэм ехъуэхъуащ. Абы жиIащ фэеплъыр Хэкум зи псэр щIэзытахэр зэращымыгъупщэм и дамыгъэ зэрыхъунум шэч къызэрытримыхьэр. «Хэкур зыхъума ди лъахэгъухэр тщыгъупщэнкIэ Iэмал иIэкъым. Я щхьэр, я гъащIэр къафIэмыIуэхуу абыхэм тхуахъумащ ди щхьэхуитыныгъэр, зыIэрагъэхьащ текIуэныгъэр».

ПэкIум къыщыпсэлъащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, гундэлэндэс **Энеев Мэхьмуд**, политик, къэрал лэжьакIуэ **Чеченов Хъусейн**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я ветеранхэм я республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд**, а зэгухьэныгъэм и Налшык къалэ къудамэм и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**, нэгъуэщIхэри.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэми Мысырым къыщехуэха урысей кхъухьлъатэм иса цIыху 224-ми яхуэщыгъуащ пэкIум хэтахэр.

ЩIэуэ къызэIуаха фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ, фоч ягъэуащ, сэлэт щIыхьым и дамыгъэу. «Полк уахътыншэм» хэта ныбжьыщIэхэм уэгум ираутIыпщхьащ шар 756-рэ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# Лъэпкъыл1 щэджащэр щIэблэм ящыгъупщэнукъым

**Ди газетымкIэ хъыбар зэрывэдгъэщIащи, тхакIуэ, щIэныгъэлI-этнограф, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБАССР-м, АР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист Къардэнгъущ1 Зырамыку и фэеплъ пхъэбгъу къыщызэIуахащ ар щыпсэуа унэм.**

АДЫГЭ IуэрыIуатэр зи псэм хэлъа лъэпкъыл1 щэджащэр зыщIэса, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №25-м къекIуэлIахэм яхэтт КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Битокъу Владимир**, республикэм щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, депутатхэр, министерствэхэм, IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

Зэхыхьэр езыгъэкIуэкIым кърихьэлIахэм ягу къигъэкIыжащ КъардэнгъущIым и гъащIэ гъуэгуанэр. Абы жиIащ Зырамыку адыгэ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм лэжьыгъэфI зэрыхилъхьар, ар лъэпкъым и уэрэджыIакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщу тхыдэм къызэрыхэнар, IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжынымкIэ, ар джынымкIэ, утыку къихьэжынымкIэ Iуэхугъуэшхуэ зэрыригъэкIуэкIар.

- Мы зэхыхьэм кърихьэлIахэм яхэбгъуэтэнукъым абы хэтыныр пщэрылъ зэрыщащIам къыхэкIыу къэкIуа - псори дыкъезышэлIар КъардэнгъущI Зырамыку хуэтщI пщIэмрэ фIыкIэ дигу къызэринэжамрэщ, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Битокъу Владимир. - IуэхуфIхэмкIэ гъэнщIа гъащIэ купщIафIэ къызэринэкIащ абы, лъэпкъым и деж щиIэ фIыщIэри инщ. Адыгэ IуэрыIуатэр джынымкIэ КъардэнгъущIым зэфIигъэкIар къыпхуэмылъытэнщ, адэкIи ахэр нахуэ къэщIыным, шэч хэлъкъым, ди щIэныгъэлIхэм лэжьыгъэ куэд зэрытраухуэнум. Нобэ абы и пIэ иувэн цIыху диIэкъым, ауэ щыIэщ и гъэсэнхэр, икIи догугъэ лъэпкъыл1 щэджащэм и Iуэхум къыпащэну. Тыншу щытакъым Зырамыку и гъащIэр, гуауэ куэд и нэгу щIэкIащ, а псор гурэ псэкIэ игъэвами, хузэфIэкIащ и гуащIэ емыблэжу и лъэпкъым хуэлэжьэн. КъардэнгъущIым къыхузэIутх фэеплъ пхъэбгъур и лэжьыгъэфIым хуэфащэу къыдолъытэ, ауэ ар абы хуэтщIэжын хуейм и щIэдзапIэу ноби аращ.

1949 гъэм щегъэжьауэ КъардэнгъущI Зырамыку щылэжьа Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыу абы и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Дзэмыхь Къасболэт** IуэрыIуатэдж цIэрыIуэм хуащIа гулъытэм папщIэ фIыщIэ яхуищIащ республикэм и Iэтащхьэхэм, Щэнхабзэмкlэ министерствэм, Налшык къалэ администрацэм я лэжьакIуэхэм.

- КъардэнгъущI Зырамыку зэфIиха лэжьыгъэшхуэр къызэщIэпкъуэу къызэрыбгъэлъэгъуэн псалъэ хэха щыIэу къыщIэкIынкъым, - жиIащ Дзэмыхьым. - Ауэ дэтхэнэри арэзы техъуэну къыщIэкIынщ абы къытхуигъэна щIэиныр ди лъэпкъ щэнхабзэм и къэхугъэ телъыджэу зэрыщытым. Ар зыпэрыувэ Iуэхур сытым дежи нэгъэсауэ зэфIихырт, абы зыкъомкIэ и фIыгъэщ лъэпкъым лIэщIыгъуэкIэрэ къигъэщIа IуэрыIуатэр хъума зэрыхъуар. Ар здэщыIа институтым и лэжьакIуэхэр дыхуэщIэкъунущ Зырамыку и щIэныгъэ лэжьыгъэхэм адэкIи гъуэгу зэрагъуэтыным.

КъэхутакIуэ щэджащэр ицIыхуу зэрыщытам, абы зэхуихьэсыжа, уасэ зимыIэ и лэжьыгъэхэм зэрыщыгъуазэм зэрыригушхуэр, адыгэ тхыдэр, щэнхабзэр абы и цIэр хэмыту и нэгу къызэрыхущIэмыгъэхьэр, лъэпкъым и лIыхъужьу, и вагъуэу къызэрилъытэр жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телерадиокомпанием и унафэщI **Фырэ Руслан**.

- Илъэс 50-м нэблагъэкIэ сэ КъардэнгъущI Зырамыку сцIыхуащ, си насып къикIащ илъэс 40-м щIигъукIэ абы сыдэлэжьэну, - жиIащ филологие щIэныгъэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Гъут Iэдэм**. - КъардэнгъущIым и лэжьыгъэр зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэ куэд щыжаIащ мыбдежым. Къыхэзгъэщыну сыхуейт унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъа Зырамыку цIыхугъэшхуи зэриIар. Абы и гулъытэр псоми зэхуэдэу ялъигъэсырт, я къулыкъукIи, ябгъэдэлъ мылъкукIи цIыхухэр зэхэгъэж щищIа къэхъуакъым. Ар дахэу дунейм зэрытетар Тхьэм къыбгъэдилъхьэж.

- КъардэнгъущI Зырамыку адыгэ лъэпкъым хуищIам и мыхьэнэр къэIуэтэгъуейщ. Абы и фIыгъэкIэ хъума хъуащ лъэпкъ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэ куэд. Уэрэд зыбжанэм гъащIэ яритыжащ абы, щIэблэ мащIи щIапIыкIакъым абыхэм. ЛъытэгъуейщI и гуащIэдэкIри. ГъащIэ гъуэгуанэ купщIафIэ къызэзынэкIа Зырамыку цIыхубэм ящыгъупщэнукъым, - жиIащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев МутIалип**.

IуэрыIуатэджыр къызыхэкIа лъэпкъым я нэхъыжь **КъардэнгъущI Борис** Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуищIащ Зырамыку и фэеплъыр хъумэныр зэрытелажьэм, абы и пщIэр зэраIэтым папщIэ.

Апхуэдэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и кафедрэм и унафэщI **ЩауэцIыкIу Людмилэ**, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Борис**, ЩэнхабзэмкIэ фондым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир**, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт **Котляровэ Марие**, нэгъуэщIхэри.

Фэеплъ пхъэбгъур къызэIуахащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Битокъу Владимиррэ КъардэнгъущIхэ я лъэпкъым и лIыкIуэ КъардэнгъущI Мусэрбийрэ. Зэхыхьэм кърихьэлIахэм пхъэбгъум и лъабжьэм удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.




**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Налшык

## Администрацэм зыщезымыгъэтххэр яхэтщ

**Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм щэхуакIуэ рынокымкIэ и управленэм щIипщытыкIащ республикэм и къалащхьэм щыIэ киоскхэм я лэжьэкIэр. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, куэдым зыхуэфащэ зэгурыIуэныгъэхэр къалэ администрацэм иращIылIэркъым. Къалэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм тхыгъэкIэ хуит ямыщIауэ щагъэува киоскыу 118-рэ къыщIагъэщащ.**

ЩЭХУАКIУЭ рынокымкIэ управленэм и унафэщI Къущхьэ Мурат зэрыжиIамкIэ, администрацэм комиссэ щхьэхуэ къыщызэрагъэпэщащ апхуэдэ хабзэншагъэхэр гъэкIуэдыным елэжьын папщIэ.

Сату щащI щIыпIэр бэджэнду зэрыратамкIэ зэгурыIуэныгъэм и пIалъэр икIамэ, е апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ ямыIэмэ, хьэрычэтыщIэхэр администрацэм екIуалIэу апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр ирагъэтхын хуейщ. Абы къыдэкIуэу, къамыгъэсэбэпыж киоскхэр ахэр зейхэм икIэщIыпIэкIэ Iуамыхыжмэ, абыхэм административнэ тезыр тралъхьэнущ.

Къущхьэ Мурат зэрыжиIамкIэ, киоск куэдым я щытыкIэр зэкIэлъымыкIуэщ. Ахэр зыIэщIэлъхэм чэнджэщ иратащ сату щIыпIэхэр зыхуей хуагъэзэну, ягъэкъэбзэну, ялэну.

●Дифl догъуэлъапIэ

# Астемырей щыщ Къэрэщей Хьэмыщэ

**А пщэдджыжьым Къэрэщей Хьэмыщэ иIэт гукъыдэжышхуэ. Уафэм и нэщхъыр тIэкIу зэрызэхэлъри, къешхыныфэу зэрызищIри, жьы щIыIэбжьыр мащIэу зэрыдзакъэри абы уэим ищIыртэкъым. ИщIыртэкъым, нобэ къыпэщылъ гъуэгуанэм гурыфIыгъуэ кърикIуэ тырти - ар кIуэжынут и сабиигъуэр, и гъащIэм и IэфIыпIэр щигъэкIуа, и псэм и щIасэ, мазэ нэблэгъауэ имылъэгъуа и жылэжьым ...**



ХЬЭМЫЩЭ щапIар Акъбащ Ипщэм, езы къуажэдэсхэр АстемырейкIэ зэджэ жылэм, пщIэшхуэ щызиIэу дэса унагъуэщ. Абы и адэ Къэрэщей Тагдин лэжьакIуэшхуэу къэгъуэгурыкIуащ - бригадирщ, къуажэ советым и тхьэмадэуи, колхоз председателуи щытащ. Зэкъуэшитхум я нэхъыжьыр Хьэмыщэти, арат Iэпыдзлъэпыдзу пщIантIэм къыдэнэр. Ауэ унагъуэм къыщылъыс къалэнхэмкIэ зэфIэкIыртэкъым щIалэ ныбжьыщIэм и пщэ къыдэхуэр. Школым къыдыщIэс и ныбжьэгъухэм ещхьу, абыи щIэмычэу къыхуихуэрт колхоз губгъуэм щылэжьэну.

Класс нэхъыжьхэм щынэсам Хьэмыщэ къыхихатэкъым еджапIэ нэужьым и гъащIэ гъуэгуанэр зытриубыдэну IэщIагъэр сыт хуэдэми. Абы я хьэблэм дэст и цIэр куэдрэ жаIэу, дохутыру зэреджэр зэпымыууэ къыдрагъэжейуэ зы щIалэ - Нэгъаплъэхэ Владимир. Абы и дежи зэзэмызэ и гур жэрт балигъ гъащIэм и бжэщхьэIум нэса Къэрэщейм икIи, и хьэблэгъум ещхь хъумэ, и унэр Тхьэм къибгъауэ къыщыхъунут.

Гъуэгу зэхэгъэкIыпIэм тет щIалэр, имыщIэххэу, а Iуэхум тригъэгушхуащ Акъбащ щызэхэт колхозым зоотехникыу щылажьэ и адэ къуэш Фрунз, «уи пIэм ситамэ, дохутыру седжэнт», - жиIэри. Адэ къуэшым и чэнджэщым и ужькIэ щIалэр Налшык дэт медучилищэм щIэтIысхьащ. Ар къызэриухыу армэм дашащ. А здэкIуами и IэщIагъэмкIэ IэнатIэ къыщыхуагъуэтащ.

Дзэ къулыкъум къикIыжа нэужь, Хьэмыщэ дохутыру щылэжьэну ягъэкIуащ Инарыкъуей жылэм. Абы зы илъэскIэ щыIауэ, мурад ищIащ дохутыр IэщIагъэм нэхъ кууэ хуеджэну икIи Дон Iус Ростов дэт мединститутым щIэтIысхьащ. Ар къэзыухыу къэзыгъэзэжа Къэрэщейр Налшык дэт сабий поликлиникэм ягъэуври, абы зэманыфIкIэ щылэжьащ.

Ауэрэ здекIуэкIым, зы махуэ гуэрым Къэрэщейм къыIущIащ республикэм фIыуэ къыщацIыху дохутыр Iэзэ, онкологие диспансерым и унафэщI Къущхьэкъан Хьэмидбий икIи къыжриIащ: «Сэ уэ сыпщогугъ ди лэжьапIэм унэуву лыших узым натIэрыуапIэ ищIа сабийхэм щеIэзэ IэнатIэ щхьэхуэ къызэбгъэпэщыну».

Дауи, апхуэдэ къалэн гугъур япэ къэс дохутырым и пщэ зэрыдамылъхьэнур бэянт. А Iуэхур зэфIигъэувэну дзыхь къыщрагъэзым, Къэрэщейр а IэнатIэм пэрыуващ икIи республикэм щыяпэу лъагъуэ пхишащ. Абы зэрыIута зэманым къриубыдэу сабий мащIэм еIэза, игъэхъужа?! А лэжьыгъэр зэтриухуэу илъэс зыбжанэ дэкIа иужь, Хьэмыщэ ягъэкIуащ нэгъуэщI IэнатIэ: онкологие диспансерым хэт поликлиникэм и тхьэмадэу ягъэуващ. Абыи гугъу зыщригъэхьащ дохутырым. И зэман, и акъыл, и щIэныгъэ, и зэфIэкI еблэжакъым, къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэшхуэ зэхиублащ здагъэкIуа IэнатIэр нэсу зэтригъэувэху.

Илъэс 18-кIэ Хьэмыщэ и пщэ дэлъащ а къалэн гугъур. Мы зэманым ар мэлажьэ уз шынагъуэм и хъым ихуа балигъхэм еIэзэ дохутыру. Абы и лэжьапIэ пэшыбжэм сыт щыгъуи цIыхур щыIувщ. ЩыIувщ, зэрыдохутырыфIыр, зэрыбзэIэфIыр, зэрыцIыху гуапэр, зэрыIэпэ щабэр ящIэри.

Къэрэщей Хьэмыщэ зэи игу ихуркъым дохутыр IэщIагъэм хуеджэу IэнатIэ Iуува нэужь щIэгъэкъуэн къыхуэхъуахэр, зыдэплъейуэ щытахэр. Нобэ къыдэлажьэхэми яхужиIэн иIэщ:

- Щапхъэ зытесхын куэд сыщрихьэлIащ си гъащIэ гъуэгуанэм, - жеIэ Къэрэщейм. - Псом япэу зи цIэ къыхэзгъэщынур Къущхьэкъан Хьэмидбийщ. Республикэм зы дохутыр Iэзэ исмэ, ар етIуанэу къыщIэкIынт, апхуэдизкIэ и IэщIагъэм хуэIэижьти. Езыр акъылышхуэ зиIэ дохутыр телъыджэт, апхуэдэуи цIыхугъэ лъагэ зыхэлът. Нэхущ Къэралбии гуапэу сигу къокIыж: ар университетым щылажьэрт лыших узыфэ шынагъуэм еIэзэным щыхурагъаджэ курсхэм я нэхъыжьуи, куэдым дыхуигъэсащ, дыхуиущиящ дохутыр нэхъ щIалэхэр. Езыр цIыху гуапэт, бзэ IэфIт, зэпIэзэрытт. Дохутыр нэхъыщхьэу диIа Бэрокъуэ Мухьэмэди цIыху зэгът, зэгурыIуэ дяку дэлъу дыкъызэдекIуэкIащ. Абы иужькIэ ди унафэщIу щытащ Мыкъуэ Мурат. Нобэ диспансерым ди нэхъыжь КIэнцIэлий Анатоли щIалэ хъарзынэщ. Тыншу дыдолажьэ. Ди сымаджэщым щыIэу къыщIэкIынкъым зи Iуэхум псэ къабзэкIэ бгъэдэмыт. Я цIэ къисIуэну сыхуейт жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ я IэнатIэр нэгъэсауэ езыхьэкI дохутырхэу Джэрыджэ Розэ, Дудар ФатIимэ, КIыщ Людмилэ, ХьэцIыкIу Замирэ, Ламердон Зухра, Токумаев Марат сымэ.

Илъэс 44-рэ мэхъу онкологие сымаджэщым и дохутыр Къэрэщей Хьэмыщэ и IэщIагъэ гугъум зэрыпэрытрэ. Апхуэдиз зэманым къриубыдэу цIыху дапщэ ар зэIэзар?! Дапщэм дэрэжэгъуэ яритыжа?! Дапщэм я дыгъэр пигъэнэжа?! Абы я бжыгъэр, дауи, къыпхуэлъытэнукъым. Iыхьэ лейуэ а дохутырым гуапэ щымыхъуу, и лъэр щIимыгъэкIыу къанэркъым а зэIэзахэм ящыщ гуэр къыIущIэрэ «Зэгуэрым гугъэ къысхэплъхьэжат, си гупэр гъащIэм хуэбгъэзэжат, сыбгъэхъужат, Хьэмыщэ», - къыжриIэмэ. Ар насыпышхуэу ебж, апхуэдэхэм деж и щхьэр лъагэу елъагъуж дохутырым.

Зэгуэрым Хьэмыщэ деж IэплIэкIэ къыщIахьат илъэсих зи ныбжь щIалэ цIыкIу, уазэрэ бзууэ гъуауэ икIи земыкIуэфу. Ар щилъагъум, дохутырым и гур пыузыкIащ. Сабийр набдзэгубдзаплъэу къызэпиплъыхьа нэужь, нэщхъеягъуи гугъэ тIэкIуи зи нэгухэм къарих адэ-анэм ягуригъэIуащ: «Сэ схузэфIэкIыр есщIэнщ, ауэ псалъэ фэстыфынукъым згъэхъужыфыну». Сабийр зейхэм я дзыхь кърагъэзри, дохутырыр еIэзэу щIидзащ щIалэ цIыкIум. Махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыуи къызэфIигъэуващ. Ауэрэ мазэ бжыгъэ нэхъ димыхыу игъэхъужыпащ... Зи сабийр къызэфIэувэжыну щIагъуэу щымыгугъыж адэ-анэм абы щыгъуэ къагуфIар сыт хуэдиз?! Ар пхуэмыIуэтэщIын гурыщIэщ. А щIалэ цIыкIур бынунагъуэ хъуауэ иужькIэ къыIущIэжащ Хьэмыщэ. Апхуэдэ щапхъэхэр мащIэкъым.

Къэрэщейр зыIут IэнатIэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, икъукIэ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ. Лыших узыр зыпкърыт цIыхум уеIэзэным къаруушхуэ ехь. НэгъуэщI зыгуэркIэ тIэкIу зытумыгъэумэ, а IэнатIэм уи лъэр щIихыпэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Абыихущхъуэу,къаруущIэкъыпхэзылъхьэжу Хьэмыщэ ебж къэзыухъуреихь дунейм и дахагъэр, лъэсу къэкIухьыныр. ЛэжьапIэм щыкIуэкIи къыщыкIуэжкIи ар машинэ итIысхьэркъым. ЦIыхум я нэгур зэлъыIухауэ, нэфIэгуфIэу ирихьэлIэмэ, псом хуэмыдэу къакъэ- пщIыпщIу сабийхэр илъэгъуамэ, абы и гур хохъуэ...

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ къытхэтщ зи бзэр, зи щэнхабзэр щIагъуэу къизымыдзэж куэд. Адыгэ тхылъи газети емыджэ, театрым и бжэIупэм игъащIэм Iумыхьа. Хьэмыщэ ящыщкъым абыхэм:

- Адыгэ газетым соджэ илъэс Iэджэ щIауэ. Адыгэ тхылъхэр зыпэсщI щыIэкъым. Сэ щIэзджьыкIащ ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, Теунэ Хьэчим, КIэрашэ Тембот, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ сымэ я тхылъхэр. Псом хуэмыдэжу сыдихьэхыу седжащ Нало Ахьмэдхъан и тхыгъэхэр зэуIуу зэрыт и тхылъиплIым. ИтIанэ дызэрыцIыкIурэ нартхэм ятеухуа хъыбархэр ди Iэпэгъуу дыкъекIуэкIащ. Си щхьэкIэ ди щIэблэм дежкIэ щапхъэ хьэлэмэту собж нартхэм яхэлъа лIыгъэр, цIыхугъэр, нэмысыр. Адыгэ театрым спектаклыщIэ щагъэлъагъуэмэ, Iэмал иIэххэу блэзгъэкIыркъым. Си закъуэкъым, унагъуэри сщIыгъуу сокIуэ. Апхуэдэу адыгэ уэрэджыIакIуэхэр зыхэт концертхэри фIыуэ солъагъу. Ди унагъуэм щызекIуэр адыгэбзэщ. Уи бзэр бгъэкIуэдыжмэ, лъэпкъыр ухэкIуэдэжауэ аращ.

И IэнатIэр гу хьэлэлрэ псэ къабзэкIэ зэрызэрихьэм, дохутыр IэщIагъэ зэригъуэтрэ зэфIигъэкIа Iуэху дахэхэм я саулыкъукIэ иджыблагъэ Къэрэщейм къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр. ФIы зылэжьу, щытхъу зыхужаIэу, цIыхум и узыншагъэм и хъумакIуэу зи гъащIэ Iыхьэр езыхьэкI адыгэлIым, шэч хэмылъу, иригушхуэ хъунущ Хьэмыщэ и унагъуэр - медицинэ IэнатIэм илъэс IэджэкIэ щылэжьа и щхьэгъусэ Лоли, я бынхэу Ларисэ, Марьянэ, Залым сыми, абыхэм къащIэхъуэжа щIэблэри.

**МЫIЗ Ахьмэд.**

# ЩIалэгъуалэр къыхашэ

● Гу зылъытапхъэ

**Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм ФизкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и управленэм «Илъэсым и волонтёр» къалэ зэхьэзэхуэ иригъэкIуэкIынущ. Ар хуэунэтIащ волонтёр Iуэхум щIалэгъуалэ нэхъыбэ къыхэшэным, ахэр жылагъуэ лэжьыгъэм хуэжыджэру гъэсэным.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэт хъунущ еджапIэхэм щIэс щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэт дэтхэнэри, абыхэм я ныбжьыр илъэс 14 - 30-хэм хиубыдэмэ, 2016 гъэм хуагъэхьэзыра социальнэ проект яIэмэ е 2015 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэр наIуэу къагъэлъэгъуэжмэ.

Лэжьыгъэхэр тебухуэ хъунущ мы къыкIэлъыкIуэну Iуэхугъуэхэм:

«Ветеранхэмрэ нэхъыжьхэмрэ гулъытэ яхуэщIын»;

«Сабийхэм гулъытэ яхуэщIын»;

«Гугъуехь хэхуа цIыхухэм ядэIэпыкъун»;

«Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэн»;

«Узыншагъэр хъумэн».

Зэпеуэм щытекIуэхэм дипломхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ иратынущ.

Зэпеуэм ирагъэхь тхыгъэхэр 2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 20 пщIондэ щыIахынущ Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм ФизкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и управленэм. ХэщIапIэр: **Налшык къалэ, КIыщокъуэм и уэрам, 70, 24-нэ пэш. ФыщIэупщIэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: (88662) 42-27-68; (88662) 47-46-96.**



● Литературэм и илъэс

# Профессорым гулъытэ къахуещI

**IутIыж Борис и фэеплъу екIуэкIащ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ. Абы щытекIуахэм ящыщ гуп Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иригъэблагъэри, иригъаджэхэм яIуигъэщIащ, я тхыгъэхэм тригъэпсэлъыхьащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Бакъ Зерэ.**

- СТУДЕНТХЭМ сыт щыгъуи щапхъэ зытрахын ялъагъун хуейщ, ехъуэпсэн хуэдэу. Аращ фыкъыщIезгъэблэгъар - ди литературэм и къэкIуэнур фэ зыгуэркIэ къывэлъытауэ къызолъытэ. Бзэр зэрыпхуэхъумэнур литературэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ зэпеуэм фIы куэд кърикIуэнущ - нэхъыфIу къалъыта тхыгъэхэм еджэнущ цIыхухэр. Къапщтэмэ, сэри сэбэп къысхуэхъуащ мы Iуэхур. «Адыгэ литературэм и жанр цIыкIухэр» и фIэщыгъэу студентхэм дерс изогъэджри, мы рассказхэр си программэм хэзгъэхьакIэщ.

Зэпеуэр къыщызэщIакъуэжыну махуэм и пщэдджыжьым радиомкIэ къэпсалъэу срихьэлIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Зэхьэзэхуэр къызэрызэрагъэпэща щIыкIэм, лэжьыгъэхэм зэрыхэплъам я гугъу ищIат. Си гуапэ хъуащ хъыбарыр. Зэпеуэр зи жэрдэм, саугъэтхэр зыта Думэн (Iэдэмей) Акилэ, абы дэIэпыкъуа псоми фIыщIэ яхуэфащэщ. Литературэм и илъэсым апхуэдэ Iуэху дахэр зэрырагъэкIуэкIар куэд и уасэщ!

Университетым ирагъэблэгъахэм ящыщт КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетыр къэзыуха, КъБР-м и радиом и адыгэ къудамэм и лэжьакIуэ Джэдгъэф Беслъэн. Абы жиIащ адыгэбзэ къудамэм щеджэ студентхэм яIущIэныр, епсэлъэныр зэригуапэр.

- Адыгэбзэр фIыуэ солъагъу, усэ, рассказхэр сотх. Ауэ тхакIуэу зыкъэслъытэжыркъым. Жыг хасагъащIэм сыхуэдэщ, къызэхъулIэнур зэманым къигъэлъэгъуэнущ. ГъащIэ гъуэгум техьагъащIэм щапхъэ зытрихын, чэнджэщ къезытын нэхъыжь гуэр къыщхьэщытмэ, хъарзынэщ. Сэ апхуэдэу сиIэщ си адэшхуэ Джэдгъэф Хъусен, - жиIащ абы.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Щомахуэ Залинэ тепсэлъыхьыжащ IутIыж Борис ицIыхуу, тхэным и IуэхукIэ абы чэнджэщ къриту зэрыщытам.

- Тхэн щыщIэздзагъащIэхэм IутIыж Борис и деж сыкIуэрт, си тхыгъэхэр езгъэлъагъуурт. А зэманым стха тхыгъэ кIэщIхэр мыхьэнэншэу зэрыщытар иджы къызгуроIуэж, ауэ абы щыгъуэ сфIэхьэлэмэтт. Борис сытригъэгушхуэн щхьэкIэ, стхыхэр схуигъэдахэрт... Егъэлеяуэ си гум щIыхьат IутIыж Борис дунейм щехыжам. Бакъ Зерэ дригъаджэрт абы щыгъуи, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым, гуауэ дауэдапщэхэр щекIуэкIым, дишат. А махуэр сигу икIыжынукъым зэи - лъэпкъым фIыгъуэшхуэ зэрыхэщIар къызгурыIуат...

КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, усакIуэ Хьэвжокъуэ Людмилэ жиIащ мы зэпеуэм и фIыгъэкIэ рассказ зэритхар, а жанрымкIэ хузэфIэкIынум зэреплъар.

- Куэд щIауэ псэкIэ къесхьэкIырт зы сюжет гуэр. Зэпеуэм и хъыбар щызэхэсхым, сюжетым гъащIэ естыну зеспщытащ. Мы зэпеуэм мыхьэнэ иIащ зи тхыгъэкIэ нэхъапэм дымыцIыхуа щIалэгъуалэ гуп утыку къиша хъунымкIэ. Хьэуа къабзэ гуэр литературэм къыхихьауэ къызолъытэ, - жиIащ Людмилэ.

- IутIыж Борис теухуауэ къыхалъхьа зэпеуэр литературэ Iубыгъуэ IэфIу зыхэсщIащ сэ. ЩIалэгъуалэм ятхам си щIэщыгъуэу седжащ. Дэтхэнэми укъигъэуIэбжьу, уигъэгупсысэу, бгъэщIагъуэу зыгуэр хэлът. Хэт и сюжет нэхъ IэкIуэлъакIуэу зэхэгъэуват, хэт къызэриIуэта бзэм узыIэпишэрт, хэти и тхыгъэм пхриш гупсысэ хъуэпскIым уиIыгът. Пэжщ, абыхэм яхэлът арэзы узытемыхъуэн гуэрхэри - нэгъуэщIуи хъунукъым, цIыху къэс гупсысэ щхьэхуэ иIэжщ. Художественнэ тхыгъэм зэдауэ, зэчэнджэщ гуэр къишамэ, ар зытхам къехъулIауэ аращ, - жиIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Гугъуэт Заремэ.

ХьэщIэхэр студентхэм ядэгуэшащ езыхэр адыгэбзэ къудамэм щыщIэсам теухуа гукъэкIыжхэмкIэ.

- Сытым дежи сигу къокIыж Зерэ и лекцэхэр. Псом хуэмыдэжу усэ къытхуеджэу зэрыщытар. КъыхэщыпыкIа защIэт. Бакъ Зерэ къеджэу зэ зэхэсха усэхэм иджы къеджэIауэ срихьэлIэми, си нэгум къыщIэувэр, си тхьэкIумэм итыр Зерэрэ и макъымрэщ. Апхуэдизу зэкIур пхузэкIэрычыжыркъым, - жиIащ Хьэвжокъуэ Людмилэ.

**ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.**
*Сурэтыр* **Чэрим Юрэ** *трихащ.*

● Егъэджэныгъэ

# Университетхэр нэхъри зэпещIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым жэпуэгъуэм и 14-м щекIуэкIащ «ЩIыналъэ социально-экономикэ IэнатIэхэм я зыужьыныгъэр: методологиер, теориер, Iуэху зехьэкIэр» щIэныгъэ-къэхутэныгъэ конференцыр.**

АР ЩIИДЗЭН ипэ къихуэу къызэIуахащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Къумахуэ Башир Iэубэчыр и къуэм и фэеплъыр. ХьэщIэхэр къыщыпсалъэм къыхагъэщащ Къумахуэ Башир, псом япэу, цIыху гуапэу, гу щабэу, жьыми щIэми захигъэзагъэу зэрыщытар. Къумахуэ лъэпкъым я нэхъыжьти, ар хьэзырт къыхуэныкъуэ дэтхэнэми дэIэпыкъуну, зыщIигъэкъуэну. Башир Хэку зауэшхуэм и ветерант, Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ экономистт, экономикэ факультетым и япэ декант.

Абы иужькIэ къызэхуэсахэр ирагъэплъащ «Абхъаз Республикэм и япэ Президент Ардзинбэ Владислав и фэеплъу» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэм.

АдэкIэ хьэщIэхэр ирагъэблэгъащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ конференцыр щекIуэкIыну пэшым. ХьэщIэ лъапIэхэм ящыщт Абхъаз къэрал университетым и профессор, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Шалашаа Заур, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Азычэ Светланэ, Абхъаз лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщI ГъущIапщэ Ингэ, Абхъаз къэрал университетым и мэкъумэш-инженер къудамэм и декан Смир Розетэ, КъБКъМУ-м и унафэщIу щыта Щыхьмырзэ Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри.

Конференцыр къызэIуихащ КъБКъМУ-м и ректор Апажэ Аслъэн. Абы жиIащ нобэрей зэхыхьэр зыхуэгъэпсар, мыпхуэдэу зэкъуэту, зэгъусэу зэрызэдэлажьэр и гуапэ зэрыхъури и псалъэм къыхигъэщащ. ХьэщIэхэм ящыщу япэу псалъэ иратащ Шалашаа Заур. ЩIэныгъэлIым и гуапэ хъуащ зэIущIэм къызэрырихьэлIар икIи саугъэт гукъинэж, Абхъазым и япэ Президенту щыта Ардзинбэ Владислав и сурэтыр, ЩIыхь тхылъ и гъусэу тыгъэ хуищIащ Апажэ Аслъэн.

Конференцым доклад купщIафIэ щызыщIахэм ящыщщ ГъущIапщэ Ингэ. Абы жиIащ Абхъаз къэрал унивеситетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетымрэ илъэс зыбжанэ хъуауэ Iуэху зэрызэдащIэр, зыр зым дэIэпыкъуу зэрызэдэгъуэгурыкIуэр. Абхъазым и япэ Президенту щыта Ардзинбэ Владислав и гъащIэм щыщ теплъэгъуэхэр къызыхэщыж видеогъэлъэгъуэныгъэхэм иригъэплъащ пэшым щIэсхэр.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**





● Хъуэхъу

# Усыгъэр фIыуэ зылъагъухэм къагуроIуэ

**Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бицу Анатолэ ди лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм ящыщщ. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIахэр бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ дунейм къытехьащ, и тхылъхэр Налшык, Мэзкуу къыщыдэкIащ. Дызэрыгушхуэ ди усакIуэ цIэрыIуэм хуэфащэ гулъытэ къызэрыхуащIам щхьэкIэ дохъуэхъу.**

ПЩIЭ зыхуэтщI Анатолэ! «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр къызэрыпфIащамкIэ дынохъуэхъу. Ар Литературэм и илъэсым зэрыхиубыдар ди гуапэщ, уи къалэмыпэм къыщIэкIыр купщIафIэу, дунейпсо усыгъэм щыщ Iыхьэ хъуным хуэфащэу уолажьэри.

Узыншагъэрэ гукъыдэжрэ уиIэну дынохъуэхъу. Усыгъэр фIыуэ зылъагъухэм къагуроIуэ уэ пхузэфIэкIар икIи абы папщIэ пщIэ къыпхуащI.

Ди гум къыбгъэдэкIыу бжыдоIэ: дыхуейщ уи псалъэ зэхэтхыну, уи тхылъыщIэ тлъагъуну!

***«Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм я редакцэхэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ, КъБР-м я радиом и адыгэ редакцэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, ЩоджэнцIыку Алий и цIэр зезыхьэ псапащIэ фонд.***

● Суд

# Хьэгъэщагъэ Iэмалхэр

**Урысейм и ФСБ-м КъБР-м щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм бюджет мылъкур зэрызэхадыгъуэ щIыкIэр къыщIагъэщащ.**

БЕЛДЖЫЛЫ зэрыхъуамкIэ, Лэскэн районым щыпсэу щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэу, 1987 гъэм къалъхуа К. А. А.- рэ 1960 гъэм къалъхуа А. Б. Г.- рэ КъБР-м лэжьыгъэ IэнатIэр зэрыщызэпэубыдар ягъэмэщIэным теухуа республикэ программэм хухаха ахъшэм щыщу зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу сом мин 411-рэ 600-рэ, сом мин 470-рэ 400-рэ хьэгъэщагъэ IэмалкIэ зэхадыгъуащ. ЛэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIуахыну зэрамурадым теухуа хъыбарыпцIхэр хьэрычэтыщIэхэм Iэрагъэхьащ цIыхухэр IэнатIэ гъэувынымкIэ район IуэхущIапIэм. Абы щыгъуэми, къызэрагъэгугъахэри ягъэзэщIакъым, яIэрыхьа бюджет мылъкури зэхадыгъуащ.

ЩIэпхъаджагъэ зэралэжьамкIэ ягъэкъуаншэхэм зыкъаумысыжащ. Уголовнэ Iуэхухэм хэплъащ Лэскэн район судыр. Абы и унафэкIэ тIуми илъэситI тезыру тралъхьащ лъэхъуэщым имысу ирахьэкIыну. Абыхэм япшыныжынущ къэралым ирата хэщIыныгъэр.

*Урысейм и ФСБ-м КъБР-м щиIэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● ФщIэн папщIэ

# Къуэды япшын

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м къызэритымкIэ, гъуэгум щекIуэкIыр зытх Iэмэпсымэхэм жэпуэгъуэм и 23 - 29-хэм 7697-рэ хабзэр къызэпаудауэ къагъэлъэгъуащ. Абы ипкъ иткIэ къуэдыуэ сом мелуани 4-рэ мин 530-рэ тралъхьащ. А зэманым къриубыдэу сом мелуани 2-рэ мин 244-м щIигъу (тралъхьам и процент 49,5-р) япшынащ.

Къуэдыр махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фIагъэкIамэ, Iуэхур суд приставхэм Iэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пIалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статья) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитIкIэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кIэ цIыхур ягъэлажьэ.

Къуэдыр птелъырэ-птемылърэ къыщыпщIэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - **www.gibdd.ru**, КъБР-м Къэрал IуэхутхьэбзэхэрщызэфIах и центрхэм (МФЦ).

Къуэдыхэр щыхэплъхьэ хъунущ Урысей пощтым, ХъумапIэ банкым е нэгъуэщI коммерцэ банкхэу ГИБДД-м и къуэдыхэр щыIаххэм.

**БЫХЪУРЭ Миланэ.**

# ГущIыхьэ тщыхъуащ

Зэшыпхъухэм (Блэнауэ Женя, ШэджыхьэщIэ Ленэ, Вэрокъуэ Майе, Шыпш Марие, Мер Людэ сымэ) гущIыхьэ тщыхъуащ зи тхыгъэ гуимыхужхэмкIэ дигури ди псэри куэд лъандэрэ зытхьэкъуа тхакIуэшхуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд Мухьэжид и къуэр дунейм зэрехыжар. Абы и Iыхьлыхэми благъэхэми дахуогузавэ. ЖэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIэ Мухьэмэд! Дыхуэарэзыщ.

# Иужьрей зэIущIэм «Къэбэрдейр» къыщыпрагъэх

● Футбол

**Гуп нэхъыщхьэм хагъэкIыну ещанэ командэр наIуэ зыщIа зэIущIэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей чемпионатыр иухащ.**

2015 гъэм и зэхьэзэхуэм и кIэух джэгугъуэр жэпуэгъуэм и 24 - 25 махуэхэм зэхэтами, чемпионатыр зэфIэкIатэкъым. Абы къэнэжат «Бедик»-мрэ «Спартак-Д»-мрэ Арщыдан къуажэм щрагъэкIуэкIын хуей зэIущIэр. Ар ягъэIэпхъуат налшыкдэсхэр Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм и кубокым щыщIэбэна зэпеуэм зэрыхэтам къыхэкIыу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а Iуэхугъуэм псалъэмакъ мыщхьэпэ къикIащ. ИкIи ар лъабжьэншэкъым. Дуней псом щыхабзэщ футболымкIэ зэхьэзэхуэхэм я кIэух джэгугъуэм хыхьэ зэIущIэхэр зы махуэм икIи зы зэманым зэтехуэу ирагъэкIуэкIыу, адрейхэр зэриухам теухуауэ иужь къинахэм хьэгъэщагъэ зэрамыхьэн папщIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мыгъэрей чемпионатым апхуэдэу щахузэфIэкIакъым икIи, къэхъун хуейтэкъэ а ягъэIэпхъуа зэIущIэм наIуэ щыхъуну хэт ещанэу гуп нэхъыщхьэм хагъэкIынуми?! Зэдэджэгужыну къызыпэщылъ «Бедик»-мрэ «Спартак-Д»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэм щыхагъащIэр лей къэхъунут, ауэ зэрытемыгъакIуэмэ... Шэрэдж Ищхъэрэ и «Къэбэрдейр» къыпихынут. Куэдым зэрыхуагъэфэщауэ, иужьрей Iуэхугъуэр къэхъуащ - Арщыдан щекIуэкIа зэIущIэр 0:0-у иухащ.

Абы къыхэкIыу, нэхъапэIуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым и иужь увыпIэхэр яубыду лей къэхъуа Шэджэм къалэмрэ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэмрэ я командэхэм гъусэ яхуэхъуащ шэрэджищхъэрэдэсхэр. Ахэр яхъуэжынущ КъБР-м и япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм пашэныгъэр къыщызыхьахэу зыщыщ щIыпIэм я цIэр зезыхьэхэу «Iэдиихумрэ» «ХьэтIохъущыкъуеймрэ» я гъусэу «ГорИС 179 Прохладнэм». Иужьреймапхуэдэ хуитыныгъэ иIэн папщIэ «Нартан»-р зэIущIэ щхьэхуэм щыхигъэщIэн хуей хъуащ. А тIуми зыхэта гупхэм етIуанэ увыпIэр къыщахьат.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэр ШащIэ Беслъэн и текIуэныгъэкIэ иухащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым зэи къыщымыхъуауэ абы мы гъэм я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм топ 83-рэ (!) дигъэкIащ. «Къэхъуныр» гуп нэхъыщхьэм зэрыщыджэгу иужьрей илъэсиплIым къриубыдэу чемпионатым хыхьэ зэIущIэхэм я закъуэ ШащIэр 232-рэ (!) къыщыхэжаныкIащ. Апхуэдэ зэгуэр зыхузэфIэкIа щыIауэ фIэщщIыгъуейщ.

ЕтIуанэ увыпIэр зыубыда «Автозапчасть»-м и гъуащхьауэ Хьэбылэ Алими щытхъушхуэ хуэфащэщ. Абы мы гъэм топ 73-рэ дигъэкIащ. Ахэр нэхъыбэжуи щытыфынут иужьрей зэIущIэм щыджэгуамэ, ауэ фэбжь зэригъуэтам и зэранкIэ ар блигъэкIын хуей хъуащ.

Физэрыщыгъуазэщи, зэхьэзэхуэр иухыным джэгугъуитI иIэжу мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпион хъуащ «Къэхъуныр». Ар а командэм и япэ ехъулIэныгъэшхуэщ икIи сыт илъэныкъуэкIи шэч къызытумыхьэнщ. Псалъэм папщIэ, къэхъундэсхэр зэхьэзэхуэм зэи къыщыхамыгъэщIам и закъуэкъым, атIэ джэгугъуэ 30-м ящыщу 27-м ахэр щытекIуащ. Чемпионым нэхъыбэрэ я хьэрхуэрэгъухэм топ яхудэзыгъэкIарэ (140-рэ) нэхъ мащIэ зыхудагъэкIарэ (22-рэ) мыгъэрей зэхьэзэхуэм хэтакъым.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2015 гъэм иужьу щрагъэкIуэкIа джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **2:2**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **1:0**, «**Щтауч**» (Шэджэм) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **7:1**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Бедик**» (Арщыдан) - **5:6**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - «**Къэхъун**» (Къэхъун) - **1:10**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**Велес**» (Къэрэгъэш) - **2:2**, «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхъэрэ) - «**Союз**» (Налшык) - **3:1**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **4:2**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Къэхъун»** | **30** | **27** | **3** | **0** | **140-22** | **84** |
| **2. «Автозапчасть»** | **30** | **23** | **4** | **3** | **131-46** | **73** |
| **3. «ЛогоВАЗ»** | **30** | **19** | **4** | **7** | **108-53** | **61** |
| 4. «Союз» | 30 | 16 | 3 | 11 | 79-52 | 51 |
| 5. «Тэрч» | 30 | 14 | 1 | 15 | 68-82 | 43 |
| 6. «Бахъсэн» | 30 | 11 | 5 | 14 | 45-71 | 38 |
| 7. «Родник» | 30 | 12 | 1 | 17 | 70-100 | 37 |
| 8. «Нарт» | 30 | 11 | 4 | 15 | 71-75 | 37 |
| 9. «Псыгуэнсу» | 30 | 11 | 3 | 16 | 47-66 | 36 |
| 10. «Велес» | 30 | 11 | 3 | 16 | 67-110 | 36 |
| 11. «Кэнжэ» | 30 | 11 | 3 | 16 | 65-88 | 36 |
| 12. «Спартак-Д» | 30 | 11 | 2 | 17 | 59-64 | 35 |
| 13. «Бедик» | 30 | 10 | 5 | 15 | 50-61 | 35 |
| **14. «Къэбэрдей»** | **30** | **9** | **8** | **13** | **60-75** | **35** |
| **15. «Щтауч»** | **30** | **9** | **4** | **17** | **64-103** | **31** |
| **16. «Шэджэм-2»** | **30** | **7** | **3** | **20** | **44-100** | **24** |

● КъегъэлакIуэхэр

# Уэс борэным хэгъуэщахэр

**Осетие Ищхъэрэм щыщ альпиниститI Iуащхьэмахуэ щыIа уэс борэным игъэгъуэщауэ МЧС-м и къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым (ЭВПСО) и лэжьакIуэхэм къагъуэтыжри, кърашэхыжащ.**

ТХЬЭМАХУЭ махуэм, жэпуэгъуэм и 25-м, сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 30-м Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ и IэнатIэм зи лэжьэгъуэу пэрытхэм хъыбар къаIэрыхьащ Iуащхьэмахуэ метр 4800-кIэ дэкIуея альпинист гупыр езыр-езыру къызэремыхыжыфым теухуауэ. ЭВПСО-м и къегъэлакIуэхэр ар къыщыхъуа щIыпIэм кIуащ.

Плъыр гупым щыщым зэрыжиIамкIэ, Осетие Ищхъэрэм щыщ спортсменитIыр пшагъуэмрэ уэс борэнымрэ я зэранкIэ гъуэщат. КъегъэлакIуэхэм альпинистхэр кърашэхыжащ къащымыщIIауэ.

**БЕР Къантемыр,**
*Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.*

# Зэпеуэм фыхэтыну фыкъыдогъэблагъэ

Тхьэм и нэфI зыщыхуэн ди лъэпкъэгъу лъапIэхэ!

Узэрымыпсалъэ бзэм уригупсысэркъым, узэрымыгупсысэ бзэр щымыIэ пэлъытэщ - аращи, бзэм узэрыхущытым елъытащ лъэпкъым пщэдейм щиубыдыну увыпIэр. Жьабзэр фащэмэ, тхыбзэр Iэщэщ, а тIур зэпэIэщIэ хъумэ, зэмыгъусэу щытмэ, бзэм ихьын щыIэкъым. Ар гъащIэм къихьа зы пэжщи, жьабзэри тхыбзэри зэдгъэкIун хуейщ; щIэблэм анэдэлъхубзэр ищIэнымкIэ мыкъутэж шэсыпIэ дыщиувэфынур абдежщ. Адыгэбзэ псэлъэкIэмрэ тхыгъэмрэ щызэлъэIэскIэ, щызэлъэщIыхьэкIэ, бзэм иджыри ущыгугъ мэхъу, щIэблэри абы хуэшэрыуэу къызэрытэджынумкIэ фIэщхъуныгъэ уогъуэт...

ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм къызэригъэпэщ «Си анэбзэ, си адыгэбзэ» зи фIэщыгъэ тхыгъэ зэпеуэри абы теухуащ. 9 - 11-нэ классхэм щIэс еджакIуэхэр мы зэхьэзэхуэм хэтыну, анэдэлъхубзэр зэращIэр, я гупсысэр тхыгъэм зэрырагъэзэгъэфыр, адыгэ тхыбзэ хабзэхэм зэрыщыгъуазэр къагъэлъэгъуэну ди гуапэу къыдогъэблагъэ.

Зэхьэзэхуэм кърихьэлIэну ныбжьыщIэхэм я пащхьэ итлъхьэнущ псалъэжь зыбжанэ. ЕджакIуэм и къалэнщ и гурылъ-гурыщIэхэр, и Iуэху еплъыкIэхэр, и дуней лъагъукIэр къызыхэщ тхыгъэ игъэхьэзырын хуейуэ.

Дэтхэнэ зы классми япэ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр щагуэшынущ. Тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэр зи IэдакъэщIэкI еджакIуэхэм щыхьэт тхылърэ (сертификат) ахъшэкIэ яхуэупсэнущ. Зэхьэзэхуэм кърихьэлIа дэтхэнэ зы ныбжьыщIэми зэпеуэм зэрыхэтамкIэ щыхьэт тхылъ къратунущ. Абы нэмыщI, Адыгэбзэ Хасэм игъэува стипендиер, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэр, 11-нэ классым щIэсхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр къыщызыхь еджакIуэм хуигъэфэщэнущ. Стипендиер гъэ еджэгъуэр икIыхукIэ еджакIуэм мазэ къэс иратынущ.

Зэпеуэм хэтахэм ящыщу адыгэбзэм хуеджэну еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэну ныбжьыщIищми ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ стипендиер хуагъэувынущ.

Адыгэбзэ Хасэм и мурадщ зэхьэзэхуэм къыхэкIыну лэжьыгъэхэр зэхуихьэсыжу тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкIыну.

2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м зэхыхьэну «Си анэбзэ, си адыгэбзэ» зэпеуэр щекIуэкIынур Налшык къалэ дэт, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэрщ.

ЩыщIидзэнур сыхьэт 12-рщ.

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынир и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору НэщIэпыджэ Замирэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20 -рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1845